

Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

# KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 3 (Sipò)



G i d p o u p w o f e s è  
**B I Y O L O J I**  
1 ye ane Nouvo Segondè (3zyèm)



**REPANSE POUVWA**  
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



**BEYOND BORDERS**  
A network of red diamond shapes below the text.




Repanse Pouvwa ekri dokiman sa a, avèk kolaborasyon Institution Mixte Père Louis-Farnèse LOUIS-CHARLES, Kap Wouj

Remèsiman espesyal pou Pwofesè Biyoloji Maître Pierre Léonel epi Ekip Repanse Pouvwa ki te kreye ak adapte sesyon yo. Mèsi pou C. Kathia Ridoré, pou kontribisyon li nan faz final dokiman sa a.

SESYON  
POU 1YE ANE NOUVO  
SEGONDÈ (3ZYÈM)

BIYOLOJI






Dokiman Byoloji sa a pran an kont kourikoulòm Physio/Biologie Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP). Pami lòt enfòmasyon, nou jwenn enfòmasyon sa yo nan kourikoulòm Ministè a:

- “Une dimension de formation à l'action familiale pour préparer les élèves à leur future vie de couple et à leurs responsabilités de parents.”
- “Privilégier le processus de prévention et de solutions de problèmes à toutes les étapes de l'apprentissage.”
- “Développer chez les élèves des attitudes, des aptitudes et des comportements leur permettant de devenir des agents de changement.”<sup>1</sup>

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN LIV
<b>Negosyasyon</b>	"Di epi tande: "NON, m p ap fè bagay" (45 minit)" paj 5	Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Joseph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i> . Port-au-Prince: SMELCA Production. Chapitre XVI - Appareil reproducteur, paj 86 apre méthodes contraceptives.
<b>Planin</b>	Metòd pou anpeche moun fè pitit san preparasyon <sup>2</sup> (30 minit, oubyen 45 minit ak pati opsyonèl la) paj 10	Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Josph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i> . Port-au-Prince: SMELCA Production. Chapitre XVI - Appareil reproducteur, paj 86 apre méthodes contraceptives.
<b>Negosyasyon</b>	(Opsyonèl) Enfòmasyon sou kapòt ak negosyasyon kapòt <sup>4</sup> (2 sesyon — 45 minit pou chak) paj 15	Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Josph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i> . Port-au-Prince: SMELCA Production. Chapitre XVI - Appareil reproducteur, paj 86 apre méthodes contraceptives, dirèkteman apre sesyon: Di epi tande: "NON, m p ap fè bagay".

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN LIV
<b>Sèvis sante</b>	Swen sante apre yon zak vyolans (45 minit) paj 23	Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain et Calas Josph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i> . Port-au-Prince: SMELCA Production. Chapitre XVIII - Amélioration des conditions de l'environnement, paj 94 nan fen paj la.
<b>Tès VIH/SIDA ak lòt IST</b>	Tès VIH/SIDA ak Tès lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay: Kisa? Ki kote? Poukisa? <sup>5</sup> (45 minit) paj 30	Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Josph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i> . Port-au-Prince: SMELCA Production. Lecture I Texte 1: Le SIDA, paj 98 nan fen paj la, nan fen lekti sou SIDA.

*NB: Kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl grefe sou kèk matyè. Nan Byoloji, sa fèt kote kourikoulòm Ministè Edikasyon Nasyonal ak liv yo ofri posibilite a. Pwogram 2yèm Ane Nouvo Segondè, akòz kontni li, pa ofri posibilite sa a. Men sa pa anpeche Pwofesè Byoloji 2yèm Ane Nouvo Segondè refè kèk sesyon ki te fèt nan 1yè Ane. Sesyon yo kapab sèlman ede elèv 2yèm Ane pi veyatif nan desizyon yo ap pran pou sante yo ak lavni yo.*



# Di epi tande: “NON, m p ap fè bagay.” (45 minit)



## Objektif:

- Elèv yo pratike fason pou yo di yo p ap fè bagay ak moun k ap ba yo presyon pou sa.

## Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

- Pa gen preparasyon pou sesyon an.

## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Eksplike: “Abstinans se desizyon yon moun pran epi li kenbe pou li pa fè bagay. Abstinans anpeche ansent met pye san yon moun pa vle e li anpeche VIH/SIDA ak lòt maladi moun pran nan fè bagay. Abstinans se yon bon chwa, lè yon moun poko gen 18an, oubyen si tout kondisyon yo poko reyini pou li fè bagay ak fè pitit. Men, li pa fasil pou kèk fi deside pa fè bagay, akoz presyon mennaj oubyen mari yo kapab ba yo pou yo fè bagay. Pou abstinans kapab reyisi, li enpòtan pou genyen bon balans pouvwa nan yon relasyon. Epitou, nou tout bezwen aprann negosye nan koup sou sa nou vle ak sa nou pa vle.”

## Egzèsis:

### 1) Esplike:

- “Jodi a, n ap pale sou fason nou kapab negosye sou fè bagay lè nou an koup. N ap aprann di ‘non, m p ap fè bagay.’”
- “Sa pral pèmèt nou konnen fason pi devan pou nou negosye sou lòt aktivite seksyèl tou — sa nou vle, sa nou pa vle.”
- “Di ‘non, mwen p ap fè bagay’ kapab pa fasil, men li enpòtan — se dwa nou tou!”
- “Pandan kou sa a, n ap fè pratik sou jan pou nou di non. Sa kapab rann li pi fasil pou nou, lè pi devan nou va genyen pou nou di non toutbon.”

2) Mande: *"Poukisa nan sosyete a li kapab difisil pou fi di mennaj yo oubyen mari yo 'non' lè yo pa vle fè bagay?"*

(Eseye fè soti repons sa yo: si pouvwa pa byen eklibre nan yon koup, moun ki gen mwens pouvwa a ka pè vyolans, pè pou patnè li pa kite l, oubyen pran lòt moun. Si yon fi depann ekonomikman de yon gason, fi a kapab pè pou gason pa sispann pran swen li. Pou anpil fi, sosyete a aprann yo yo la pou yo fè gason plezi, sa fè li difisil pou yo refize fè bagay ak mennaj yo oswa mari yo, menm si yo konnen sa mesye yo ap mande a pa bon pou yo, elatriye.)


3) Mande: *"Kisa yon gason kapab di mennaj li si gason an anvè fè bagay e fi a ap reziste?"*

Ekri tout sa elèv yo di sou tablo a. Egzanp:

- Se pou sa ou la! Se devwa w, kòm madanm mwen/ mennaj mwen pou ou satisfè bezwen seksyèl mwen.
  - M ap kite w m al chèche sèvis la lòt kote.
  - Se lòt nèg ou genyen si ou pa vle fè bagay avè m.
  - Mwen pral fòse w fè bagay avè m.
  - Se paske ou gen yon lòt mennaj ki fè ou pa vle fè bagay avèk mwen.
  - M pa gen enpòtans nan je w ankò.
  - Ban m prèv ou renmen mwen tout bon vre.
  - Elatriye.
- 4) Divize klas la an 4 gwoup. Fè chak gwoup chwazi youn nan fraz mesye yo di pi souvan, dapre yo menm. Asire 4 gwoup yo chwazi fraz ki diferan.
- 5) Esplike: *"Chak gwoup pral pran fraz li a, epi site plizyè repons fi ki ap sibi presyon an kapab di mennaj li, pou l di nèg la li p ap fè bagay avè l. Apre gwoup la fin bay repons sa yo, li pral prepare yon ti dyalòg 3 minit, ant yon fi ak yon gason k ap jwe wòl yon koup, pou prezante devan klas la. Gwoup yo genyen 10 minit pou yo fè travay la."*
- 6) Asire elèv yo konprann, epi y ap site bon egzanp fason pou yon moun ta reponn ak fraz pa yo.





- 
- 7) Apre 10 minit pase, mande gwoup 1 prezante teyat la, epi mande yo tou entegre repons yo te site yo anndan teyat la.
  - 8) Apre chak prezantasyon, mande kòmantè lòt elèv yo sou dyalòg la, epi mande si repons yo te bon.

*NB: Si yon gwoup teyat ta montre koup la divize akòz youn pa vle fè bagay ak lòt la, asire elèv yo konprann kite a kapab pa yon move bagay. Si yon moun pa pare pou tande mennaj li, li bezwen plis matirite anvan li rantre nan fè mennaj. Si yon koup gen gwo dezekilib ki anpeche youn tande lòt, kèk fwa li pi bon pou moun yo pa kontinye, pase pou yo tonbe nan vyolans oubyen nan trape maladi.*

- 9) Apre tout gwoup yo fin prezante, remèsye elèv yo.
- 10) Mande: *"Ki pi bon fraz nou te jwenn nan dyalòg yo pou yon fi konvenk mennaj li lè fi a pa vle fè bagay?"*
- 11) Ekri repons yo sou tablo a.
- 12) Esplike: *"Se pa sèlman di 'non' ki enpòtan, men se pou patnè a kapab tande epi aksepte 'non' an tou."*
- 13) Mande: *"Menm si yon moun pa ouvè bouch li pou li di non, èske sa vle di li vle fè bagay? Ki lòt fason yon moun kapab di 'non' san li pa pale?"*
- 14) Fè 2-3 elèv montre plizyè fason yon moun kapab di 'non, li pa vle fè bagay', ak jès.
- 15) Esplike: *"Menm si yon moun pa ouvè bouch li pou li di non li pa vle fè bagay, depi li pa di 'wi', se non li di. Jès yo konte anpil. Si ou wè yon fi pa ka di non, oubyen yon gason pa kapab tande non, sa se yon gwo siy ki montre pouvwa 2 moun sa yo pa byen ekilibre."*
- 16) Mande: *"Poukisa kèk gason pa vle tande epi aksepte non, menm si yo konprann se sa yon fi vle di?"*

Ekri tout sa elèv yo di sou tablo a. Egzanp:

- Sosyete a montre gason se yo ki genyen pouvwa sou kò fi
- Li egoyis
- Sosyete a pa montre gason tande fi
- Sosyete a pa montre gason respekte fi
- Li santi li kapab fòse yon fi fè sa li vle



- 17) Esplike: "Li enpòtan pou gason aprann tande epi aksepte lè yon fi pa vle fè bagay. Li enpòtan pou nou chak aprann di 'non' lè nou pa vle fè bagay, tande epi aksepte 'non' lè yon lòt moun pa vle fè bagay. Sèl fason pou nou fè kadejak sispann a 100%."
- 18) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo ankò, epi soti ak pwèn pi ba yo pou rezime sesyon an:
- "Li bon pou yon fi konn negosye avèk mennaj / mari li sou koze fè bagay. Pou sa fèt byen, fòk pouvwa koup la byen ekilibre."
  - "Si ou wè yon gason pa ka tande yon fi lè fi a di oubyen eksprime 'non', sèke pouvwa 2 moun sa yo pa byen ekilibre, li pi bon pou gason an travay pou li ekilibre pouvwa li ak pouvwa mennaj li anvan li antre nan fè bagay ak fi a. Si yon fi pa ka di 'non' epi fè

*mennaj li tande l, sa se yon siy pouvwa 2 moun yo pa byen ekilibre tou. Lè sa a, pito koup la kraze olye pou dezekilib pouvwa mennen vyolans, maladi ak lòt pwoblèm."*

- c. *"Nan yon koup kote pouvwa byen balanse, li enpòtan pou gason an aprann pa bay fi a presyon pou fè bagay, men li rete tann fi a pare pou sa."*
- d. *"Menm lè 2 moun marye, gendelè youn ladan yo kapab pa sou sa; li dwe kapab di non tou, e sa nòmal."*
- e. *"Li enpòtan pou nou konnen pa gen okenn rezon byolojik ki fè yon moun oblije fè bagay. Yon moun p ap fè mennaj li okenn mal si li pa fè bagay avèk mennaj li. Rezon ki fè anvi a gwo kay yon moun se paske genyen yon bezwen natirèl moun genyen pou yo repwodui. Men nou pa oblije fè pitit touswit. Gen yon lè pou sa."*
- f. *"Toujou sonje se yon dwa chak moun genyen pou li deside kilè l ap fè bagay. Yon moun pa oblije fè bagay lè li pa sou sa."*
- g. *Opsyon: Rezime siplemantè: "Abstinans kapab yon bon chwa pou anpeche maladi moun pran nan fè bagay tankou VIH/SIDA ak anpeche ansent mete pye san yon moun pa vle. Pou yon moun fè abstinans, fòk li konprann fason pou li di 'non, m p ap fè bagay."*

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Fè bagay se yon desizyon de (2) moun pran ansanm. Se pa desizyon yon moun. Chak moun bezwen aprann di byen klè "wi mwen vle fè bagay" oubyen "non mwen pa vle fè bagay". Depi yon moun nan yon koup di oubyen demontre "li pa vle fè bagay", se "pa vle a" ki desizyon koup la pou moman an. Lòt patnè a dwe aksepte sa san kondisyon.

## Evalyasyon elèv:

*Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.*

- Si yon moun ap ba ou presyon pou ou fè bagay avèk li, kisa ou kapab di l?
- Poukisa li enpòtan pou gason tande lè fi di 'non', yo pa vle fè bagay?



# Metòd pou anpeche moun fè pitit san preparasyon<sup>2</sup>

(30 minit, oubyen 45 minit ak pati opsyonèl la)

## Objektif:

- Elèv yo konprann kisa planin ye e yo konnen kote yo kapab jwenn plis enfòmasyon sou planin lè yo pare.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- **Preparasyon sa oblije fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an.** Anvan jou kou a, chèche konnen tout bon enfòmasyon sou òganizasyon ak klinik nan zòn nan ki ofri sèvis planin. Mande yo tou apati de ki laj yo ofri moun sèvis, pou ou wè si jèn anvan laj 18an kapab jwenn sèvis planin nan zòn nan.

*NB: Lalwa peyi d Ayiti pa di a ki laj yon tifi gen dwa kòmanse fè planin, men kòm planin fèt pou ede yon fi kontwòle pouvwa fè pitit li, depi yon tifi kòmanse gen aktivite seksyèl, li ta dwe chwazi yon metòd planin.<sup>3</sup> Men, tout òganizasyon ak klinik pa gen menm prensip sou sa.*

- Ekri sou tablo a: “Èske mwen pare pou m fè pitit? Si non, kisa m ap fè pou m pa fè pitit anvan lè?”

## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: “Genyen plizyè metòd planin natirèl ak modèn. An nou pale sou sa ki planin epi kote nou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sa pou lè nou pare pou nou fè bagay.”

## Egzèsis:

- 1) Esplike: “Planin se tout refleksyon yon moun oubyen yon koup kapab fè pou deside ki lè l ap fè pitit. Li enpòtan nan sans sa a pou tout moun ki ap pare pou yo kòmanse fè bagay reflechi tou sou planin. Anpil moun genyen yon definisyon planin ki pi limite, yo annik panse planin se tout sa ki ka anpeche moun fè pitit. Sa vre tou, men n ap pran definisyon an nan sans ki pi jeneral, paske planin se negosyasyon ak refleksyon sou kesyon sa yo.”

- 2) Montre elèv yo kesyon ou te ekri sou tablo a, epi mande yon elèv li yo: Èske mwen pare pou m fè pitit? Si non, kisa m ap fè pou m pa fè pitit anvan lè?
- 3) Mande: *"Poukisa 2 kesyon sa yo enpòtan?"*
- 4) Pran repons elèv yo.
- 5) Esplike:
  - a. *"Fè pitit se yon gwo desizyon, li enpòtan pou tout moun reflechi epi pare anvan yo fè pitit. Si yon moun fè pitit twò bonè, sa kapab pote gwo risk pou sante li, pou edikasyon li, pou kapasite l pou li fè lajan pou fanmi li, ak sou tout lavi pitit la."*
  - b. *"Kounye a, nou pral fè yon ti teyat sou sa nou ta di yon zanmi nou ki ap reflechi sou si li ta sipoze fè bagay ak mennaj li. N ap ba li konsèy sou enpòtans planin."*
- 6) Fè elèv yo vire epi pale ak yon moun ki bò kote yo. Youn ap jwe wòl moun ki ap panse koumanse fè bagay ak mennaj li. Lòt la ap ankouraje l panse sou planin. Yo genyen 5 minit pou yo fè sa.
- 7) Apre 5 minit, kanpe elèv yo.
- 8) Mande: *"Èske gen yon gwoup ki vle montre nou ti teyat pa yo?"*
- 9) Envite 2-3 gwoup vin prezante sa yo te di, nan 3 minit oubyen mwens.
- 10) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo. Poze kesyon sou fason yo te bay zanmi yo konsèy. Asire sa yo te di zanmi yo pa gen jijman, men se bon jan ankourajman pou zanmi yo kapab evalye si yo pare pou yo fè bagay ak fè pitit, si non, kijan y ap jwenn lòt enfòmasyon sou planin.
- 11) Esplike:
  - a. *"Genyen plizyè metòd planin. Genyen kèk ki natirèl ak kèk ki modèn."*
  - b. *"Metòd natirèl vle di fi pa itilize okenn medikaman, okenn materyèl, yo sèlman swiv dat ovilasyon yo, sa vle di peryòd yo kapab ansent chak mwa. Yo verifye konsistans glè sèvikal la; nan moman sa a, li sanble tèt koupe ak yon blan ze ki pa kwit. Genyen tou metòd kalandriye, sa nou te wè nan jwèt marèl la. Metòd sa a ka pratike si yon fi gen yon sik regilye ki dire 28 jou, sa vle di li ap ovile (ti ze a ap tonbe) sou 14 zyèm jou a, kidonk 3 ou 4 jou avan 14 zyèm jou a ak 2 jou apre, fi a pa dwe fè bagay."*

- c. "Metòd modèn se metòd òmonal yo oubyen metòd baryè yo. Metòd òmonal yo aji sou ògan repwodiksyon fi epi yo anpeche ovil la (ze a) devlope. Grenn/pilil, piki 2 / 3 mwa, nòplan elatriye se metòd òmonal. Metòd baryè, yo anpeche espèm gason kontre ak ovil fi. Kapòt, esterilè, elatriye se metòd baryè."

12) Fè rezime metòd planin modèn yo ak enfòmasyon pi ba yo:

### A. Grenn Planin

- Kisa yon fi bezwen sonje lè l ap pran grenn planin ?

→ Kèlkeswa grenn planin nan, se menm prensip la. Yon fi ki chwazi pran grenn, li dwe sonje pran yon grenn chak jou. Si l sote jou, li gen anpil chans pou l ansent.

- Konbyen tan yon katon grenn planin dwe dire?

→ Chak katon grenn dire yon mwa. Lè yonn fini, fi a dwe tann règ la koule avan li kòmanse ak yon lòt sou senkièm jou règ la.

- Ki konsekans planin sou sante

→ Lè yon fi fèk kòmanse ap pran grenn planin, li ka gen anvi vomi, ti san ka koule nan kilòt li. Tout bagay sa yo pa grav, men si san ogmante plis chak jou, fi a dwe tounen al wè doktè l. Grenn planin pa gate nati fi, grenn nan pa anpeche yon fi fè pitit pi devan.

**Sonje:** Nan peyi kote fi yo gen dwa fè avòtman, gen yon grenn yo rele "pilil demen" fi a ka itilize l 3 jou apre lè l gen rapò seksyèl nan peryòd li ka ansent. An Ayiti, yo itilize yo nan ka vyòl.

### B. Piki planin

- Ki piki planin ki plis itilize nan peyi d Ayiti?

→ Piki ki plis itilize yo se piki 2 ak 3 mwa epi piki 5 lane, Noristera, Konfyans, Noplan.

- Kisa Noplan ye?

→ Noplan oswa enplan se piki 5 lane paske li ka anpeche yon fi fè pitit pandan 5 lane. Se senk ti baton yo mete nan bra fi a. Se nan lopital yo mete l, se la tou yo retire l.

### C. Metòd baryè

#### ■ Sa sa vle di metòd baryè?

→ Se yon metòd ki anpeche espèm rankontre ak ovil yo kontre oswa kwaze.

#### ■ Kisa ki gen nan metòd sa a?

→ Kapòt, ligati twonp epi vazektomy.

→ Ligati twomp se pou fi, vazektomy pou gason. Yo fèt pou toutan. Metòd sa yo, se pou fi ak gason ki fin fè pitit, ki deside rete nèt pou yo ka kontinye fè bagay san kè sote.

13) Pran kesyon elèv yo, si genyen.

14) Mande: "Èske yon fi gen dwa pou kont li pou li fè planin?"

15) Esplike: "Wi, chak moun gen dwa pou l deside sa ki bon pou kò li. Li kapab bon, sitou lè ou jèn, pou ou mande konsèy nan men lòt moun. Yo kapab ede w wè sa ou poko wè. Nan yon koup kote pouwva 2 moun yo byen balanse, fi a kapab vle fè yon desizyon ansanm ak moun ki ansanm avè l tou. Men nan kèk kontèks, li ka bezwen deside pou kont li sa ki bon pou li, epi se dwa li sa."

16) Mande: "Ki kote nou kapab jwenn plis enfòmasyon sou planin?"

17) Ajoute sou sa elèv yo di ak enfòmasyon ou te jwenn sou sèvis disponib nan zòn nan sou zafè planin. Enkli enfòmasyon ki pi presi posib pou yo (kiyès, ki lè, ki pri, elatriye). NB: An Ayiti an jeneral moun jwenn enfòmasyon sou planin nan nenpòt sant sante ak dispansè epi nan lokal kèk enstitisyon tankou Profamil, Maison des Jeunes VDH, klinik plis kontwòl FOSREF yo, elatriye.

18) Rezime sesyon an konsa:

a. "Planin se tout refleksyon yon moun oubyen yon koup kapab fè pou deside ki lè l ap fè pitit. Li enpòtan nan sans sa a pou tout moun ki ap prepare yo pou yo fè bagay reflechi sou planin."

b. "Chak moun kapab deside ki metòd planin ki bon pou li. Kò yon moun ak bezwen li genyen nan zafè planin detèmine ki metòd ki pi bon pou li. Yon metòd ki mache trè byen pou yon moun nan yon peryòd pa oblije mache trè byen pou li nan yon lòt per`yod. Donk yon moun kapab chanje metòd si li bezwen sa. Si yon moun bezwen konsèy sou metòd ki bon pou li, li ka al konsilte yon pwofesyonèl lasante."

c. *“Li enpòtan pou nou nou pataje ak zanmi nou konesans nou genyen sou kesyon fè bagay ak fason pou moun pwoteje tèt yo pou yo pa ansent twò bonè. Moun ki bezwen fè planin dwe jwenn sipò pou yo chèche enfòmasyon ak metòd planin ki pou pèmèt yo pwoteje tèt yo.”*

19) Fè elèv yo repete kote yo kapab jwenn plis enfòmasyon sou planin nan zòn nan.

20) Opsyon: Rezime sipleman: *“Li enpòtan pou tout moun, lè y ap reflechi sou si yo pare pou fè bagay ak fè pitit, konnen tout enfòmasyon posib sou planin. Sa kapab ede yo reflechi si yo pare tout bon epi deside yon bagay ki bon pou sante yo ak lavni yo.”*

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Moun gen kontwòl sou pouvwa fè pitit yo genyen. Chak moun ki vle fè bagay dwe kapab reflechi, diskite avèk patnè li pou yo kapab deside ansanm ki avni yo vle prepare, ki desizyon yo ap pran sou zafè fè pitit, ki planifikasyon yo dwe fè ak ki metòd planin yo vle itilize.

Evalyasyon elèv :

### Evalyasyon elèv:

*Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.*

- Kisa planin ye?
- Ki kote yon moun kapab jwenn plis enfòmasyon sou planin?





Tèm: Negosyasyon aktivite seksyèl

# (Opsyonèl) Enfòmasyon sou kapòt ak negosyasyon kapòt<sup>4</sup>

(2 sesyon — 45 minit pou chak)

## Objektif:

- Elèv yo aprann kijan yo mete kapòt gason, kapòt fi, epi fè negosyasyon kapòt.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

### Pati A:

*NB: Preparasyon sa oblije fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an.*

- Jwenn kapòt gason, kapòt fi.
- Jwenn yon fo peni oubyen sèvi ak yon fig oubyen yon ti mòso bwa bale, epi jwenn fason pou montre kapòt fanm, oubyen montre l apati men yon lòt pwofesè.
- Fè fotokopi pou chak elèv Ti Koze sou Lasante "*Kouman pou sèvi ak kapòt gason*" ak Ti Koze sou Lasante "*Kouman pou sèvi ak kapòt fi*" ki nan fen sesyon an apre "*Evalyasyon elèv*".
- Vini avèk ase materyèl ki ka sèvi kòm fo peni si ou vle fè elèv yo fè pratik la ansanm. Fig se youn nan bagay ki ka sèvi.
- Fè pratik ak Ti Koze sou Lasante yo anvan, pou asire ou konnen fason pou swiv tout etap yo. Sonje, li posib se demonstrasyon pa w la ki fè yon elèv pa pran VIH/SIDA oubyen pa tonbe ansent. Li enpòtan pou ou byen prepare pou demonstrasyon an. Si ou vle, ou kapab envite yon pèsònèl lasante ki konn fè sa vin fè demonstrasyon yo pou klas la.

### Pati B:

- Pa gen preparasyon pou sesyon an.

# Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

NB: Sesyon sa a vini touswit apre sesyon "Di epi tandè: 'NON, m p ap fè bagay'" oubyen sesyon "Metòd pou anpeche moun fè pitit san preparasyon".

## Egzèsis:

### Pati A: Enfòmasyon sou kapòt (45 minit)

#### 1) Esplike:

- a. "Yon kapòt gason se yon pwotèj an latèks (kawotchou) yon gason mete sou peni li anvan li fè bagay. Kapòt fanm se yon pwotèj an latèks (kawotchou) fanm mete anndan vajen yo avan yo fè bagay."
- b. "Lè 2 moun ap fè bagay, kapòt sa yo anpeche likid ki sòti nan kò yon moun (tankou dechay gason an, oubyen likid fi a sekrete nan vajen li) ale nan kò lòt moun nan."
- c. "Se yon mwayen efikas pou anpeche viris VIH/ SIDA soti nan yon moun pou antre sou lòt la, oubyen anpeche kèk lòt maladi moun pran nan fè bagay, oubyen gwosès ki pa planifye."

2) Fè demonstrasyon sou itilizasyon kapòt gason ak kapòt pou fi ak elèv yo. Pou kapòt gason, sèvi ak fo peni oubyen fig, oubyen yon lòt bagay. Asire elèv yo konprann bagay ou sèvi a reprezante peni an. Swiv ti koze sou lasante "Kouman pou sèvi ak kapòt gason" ak ti koze sou lasante "Kouman pou sèvi ak kapòt fanm" ki nan fen sesyon an apre "Evalyasyon elèv".

3) Apre demonstrasyon yo, reponn tout kesyon elèv yo.

4) Distribye kopi Ti Koze sou Lasante bay elèv yo.


5) Fè yon elèv fè demonstrasyon an devan klas la, epi asire li byen fè tout etap yo.

6) (Etap opsyonèl) Fè tout elèv yo repete demonstrasyon an, etap pa etap, epi swiv yo pou asire yo byen fè l anvan nou avanse sou pwochèn etap la.

7) Fè yo konnen ki kote nan zòn nan moun kapab jwenn kapòt gason.

8) Remèsye elèv yo, epi rezime sesyon an konsa:

- a. "Konn sèvi ak kapòt pa vle di nou pare pou nou fè bagay. Gen lòt kondisyon ki bezwen reyini anvan yon moun deside fè bagay."

- 
- b. *"Pou moun ki ap fè bagay, kapòt se yon bon zouti pou anpeche maladi moun pran nan fè bagay tankou VIH/SIDA."*
  - c. *"Itilizasyon kapòt se yon bon fason pou anpeche moun vin ansent san yo pa vle."*
  - d. *"Li enpòtan pou nou aprann fason moun sèvi ak kapòt, paske sa a pral pèmèt nou pwoteje tèt nou ak moun nou renmen lè nou pare pou fè bagay"*

### **Pati B: Negosyasyon kapòt (45 minit)**

- 1) *"Se pa sèlman mank konesans sou fason pou mete kapòt ki fè moun pa sèvi ak kapòt. Menm jan ak desizyon sou fè bagay, deside sèvi ak kapòt kapab yon negosyasyon nou bezwen aprann fè. Jodi a, n ap pale sou fason nou kapab negosye pou mete kapòt. N ap aprann di epi tande lòt moun di: 'an nou sèvi ak kapòt.'"*
- 2) Mande: *"Kijan yon moun te ka lanse lide kapòt ak moun ki fòme yon koup avèk li?"*
- 3) Ekri repons elèv yo sou tablo a. Egzanp (pou ajoute sou sa elèv yo di si yo pa di yo):
  - a. Mwen ta renmen kòmanse sèvi ak kapòt. Kè m ap sote lè m panse m ka pran VIH/SIDA.
  - b. Mwen tande gen anpil moun ki pran VIH/SIDA. Petèt nou ta dwe kòmanse sèvi ak kapòt pou pwoteje tèt nou kont enfeksyon.
  - c. Kè m ap sote lè m panse menaj ou/madanm ou/mari w ka gen VIH/SIDA, oubyen yon maladi moun pran nan fè bagay. Mwen ta renmen pou nou ta pwoteje sante nou nan sèvi ak kapòt.
  - d. Doktè a di sèl fason pou nou viv san danje pa rapò ak VIH/SIDA, se pou nou sèvi ak kapòt. Mwen ta renmen eseye sa.
- 4) Mande: *"Lè yon moun vle refize sèvi ak kapòt, ki pawòl li kapab bay?"*
- 5) Fè lis egzanp elèv yo sou tablo a. (Egzanp: *"Nou pa t janm te konn sèvi ak kapòt anvan, non.", "Lè w sèvi ak kapòt ou pa pran plezi w." "Sanble ou gen yon lòt mennaj." "Moun pa konn manje sirèt ak po." elatriye.*
- 6) Esplike: *"Kounye a, nou pral fè ti teyat pou montre fason nou ta reponn si yon moun lanse pwopo sa yo paske li refize sèvi ak kapòt. N ap asire lojik nou sèvi koresponn ak sa moun nan te di. Pa egzanp, si moun nan di "Sanble ou gen yon lòt mennaj." Ou kapab di "Se ou-menm sèl mwen genyen, mwen pa genyen okenn lòt moun, men mwen kwè nou dwe pwoteje tèt nou."*
- 7) Mande 2 elèv chwazi yon fraz nan sa ki site pou moun ki refize sèvi ak kapòt.

- 8) Brase lide an gwoup sou sa yon moun ka di pou konvenk moun ki fòmè koup avèk li pou li mete kapòt. (Egzanp: pale sou avantaj kapòt la genyen pou sante yo, avantaj nan sans planin, di l eksperyans lan ap pi dous si toude moun yo pi alèz epi pa enkyete, elatriye).
- 9) Bay elèv yo 2-3 minit pou prepare teyat yo.
- 10) Fè yo vin jwe yon ti teyat 3 minit sou fason moun ki deside sèvi ak kapòt la ta negosye ak moun ki refize a pou yo rive sèvi ak kapòt.
- 11) Fè 2 al 3 gwoup elèv jwe ak divès fraz ki sou lis la, pou fè pratik fason pou negosye.
- 12) Apre kèk elèv fin jwe 2 al 3 lòt teyat yo, mande komantè lòt elèv yo sou dyalòg yo, epi mande si repons aktè ki te vle sèvi ak kapòt yo te bon.
- 13) Apre tout gwoup yo fin prezante, remèsye elèv yo.
- 14) Mande: *"Ki pi bon fraz nou te jwenn nan dyalòg yo pou yon moun konvenk mennaj li pou yo sèvi ak kapòt?"*
- 15) Fè yon lis repons ki posib sou tablo a.
- 16) Mande: *"Si moun ki vle sèvi ak kapòt la fè bon lojik e moun ki pa vle sèvi ak kapòt la pa vle tande, èske nou kapab di pouvwa moun sa yo byen balanse?"*
- 17) Esplike: *"Sonje, nan yon koup kote pouvwa byen balanse, gen dyalòg, epi youn tande lòt. Epitou, chak moun kapab deside ki lè epi nan ki kondisyon l ap fè bagay. Si yon moun deside non, yon lòt moun pa gen dwa fòse l. Se pou sa negosyasyon san fòs kote enpòtan."*
- 18) Rezime sesyon an konsa:

- a. *"Negosye pou w ka sèvi ak kapòt se yon ladrès ki enpòtan. Sa vle di nou dwe reflechi e pratike jan pou nou pale ak lòt moun nan sou koze sèvi ak kapòt."*
- b. *"Pwoteje kò nou kont maladi se dwa nou! Nan yon koup kote pouvwa moun yo byen balanse, youn pa anpeche lòt pwoteje tèt li."*



- c. Opsyon: Rezime siplemantè: *"Youn nan fason pou nou pwoteje tèt nou kont VIH/SIDA, lòt maladi moun pran nan fè bagay epi anpeche pitit fèt anvan nou pare, se sèvi ak kapòt pou gason, oubyen kapòt pou fanm, chak fwa n ap fè bagay, san nou pa janm rate yon sèl grenn fwa."*


## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Itilizasyon kapòt se se yon bon mwayen ki anpeche moun trape sèten maladi, e ki anpeche fi tonbe ansent sanzatan. Si de (2) moun nan yon koup pa kapab negosye kesyon kapòt, yo dwe pran yon rekil pou yo reflechi sou kalite relasyon an epi konnen si yo kapab kontinye ou pa.

## Evalyasyon elèv:

*Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.*

- Si moun ki fòme koup ansanm avèk ou ta di w li p ap sèvi ak kapòt avè w men li vle fè bagay, ki mo ou t ap di l pou konvenk li sèvi ak kapòt?




## Ti KOZE SOU LASANTE: Kouman pou ou mete kapòt gason\*

Li fasil pou ou sèvi ak kapòt gason! Ni gason an, ni fi a kapab mete l sou peni gason an. Ou dwe itilize l depi genyen penetrasyon, menm si se nan bouch. Men kijan pou w mete l:

### Anvan ou mete kapòt la

- 1) Tyeke dat ekspirasyon ki sou pòch la. Pa sèvi ak kapòt ki ekspire.
- 2) Tyeke pòch ki gen kapòt la. Pa sèvi ak yon kapòt ki gen pòch ki chire, tòdye oswa chifonnen menm si kapòt la parèt anfòm.
- 3) Asire w vajan an, oswa twou dèyè a byen mouye. Si ou fè bagay san mouye, kapòt la kapab chire, sa kapab fè moun yo mal, epi po yo kapab blese tou.
- 4) Fè atansyon pou ou pa chire kapòt la lè w ap ouvri pòch la. Pou fè sa, pouse kapòt la sou yon bò anndan pòch la, san ou poko louvri li. Sa ap kreye yon espas lib sou lòt bò pòch la, kote w ap kapab chire li san danje pou kapòt la. Ou mèt sèvi ak ti dan ki sou rebò pòch la pou ede w chire pòch la ak anpil prekosyon. Pa janm sèvi ak dan w, kouto, sizo, oswa nenpòt zouti pou koupe, oswa pike pòch la.
- 5) Asire kapòt la pa lanvè. Byen idantifye lanvè ak landwat kapòt la anvan ou mete li.
- 6) Mete kapòt la tou woule sou tèt peni a. Anvan w dewoule kapòt la, peze tèt li ak de dwèt. Konsa, p ap gen van nan pwent kapòt la epi pral gen plas pou dechay la chita. Toujou peze tèt la pandan w ap dewoule kapòt la.
- 7) Byen kenbe kapòt la lè w ap dewoule li desann sou peni a ki byen bande (lè li pi gwo, e pi long). Asire w kapòt la kouvri tout peni a, san li pa gen okenn ti pli.
- 8) Pa janm sèvi ak yon kapòt plis pase yon fwa. Pa sèvi ak plis pase yon kapòt an menm tan.
- 9) Lè w fin fè bagay, kenbe kapòt la pou li pa soti sou peni a pandan w ap retire peni a. Wete kapòt la, mare li, e jete l.




## Ti konsèy pou ou byen librifye:

- Anvan gason an antre peni li nan vajen fi a, li kapab karese fi a pou mete l sou sa - sa pral fè kò fi a pare, penetrasyon ap fèt san danje pou tou de moun yo.
- Koup yo kapab sèvi ak krache pou mouye vajen an oubyen peni an.
- Ou ka jwenn achte pwodwi espesyal pou librifikasyon nan famasi.
- Gen kèk kapòt ki vini tou grese, grès ki ladan yo a, se librifyan.
- Pinga w sèvi ak bagay ou itilize anndan kay la, pwodui ki pa fèt pou sa, anpil ladan yo kapad deteryore kapòt la, fè li vin pa rezistan epi lakoz li chire.

### Nòt enpòtan:

Si w ap sèvi ak yon kapòt pou gason, pa sèvi ak yon kapòt pou fanm an menm tan. Fwotman plastik sou plastik kapab fè tou 2 kapòt yo chire!

- \* Ti koze sou lasante sa a se yon adaptasyon apati materyèl *SASA!* ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.




# Ti KOZE SOU LASANTE: Kouman pou ou mete kapòt fanm\*

*Li fasil pou ou sèvi ak kapòt fanm! Ni fi a, ni gason an kapab mete l anndan vajen fi a. Men kijan pou w mete l:*


## Anvan ou mete kapòt la

- 1) Tyeke dat ekspirasyon ki sou pòch la. Pa sèvi ak kapòt ki ekspire.
- 2) Tyeke pòch ki gen kapòt la. Pa sèvi ak yon kapòt ki gen pòch ki chire, tòdye oswa chifonnen, menm si kapòt la parèt anfòm.
- 3) Louvri pake a dousman, pran san w pou w pa chire kapòt la. W ap wè kapòt la gen 2 wondèl ladan l. Wondèl ki nan bouch kapòt la ap rete deyò vajen an. Wondèl ki anndan an, bò bout ki fèmèn an, ap rantre anndan vajen an.



## Lè kapòt la nan men ou apre tout obsèvasyon

- 4) Peze wondèl ki sou anndan an yon fason pou l vin fè yon 8. Jwenn yon pozisyon alèz (tankou kouche sou do, oswa kwoupi), epi pandan w ap peze wondèl la, foure kapòt la anndan vajen an. Fi a dwe santi wondèl la k ap rantre e k al chita sou bouch matris la, anndan vajen an.
- 5) Foure dwèt ou anndan kapòt la pou w ka fè wondèl la rive byen fon, e asire w kawoutchou a pa tòdye. Epitou, asire w wondèl ki sou deyò a rete deyò vajen an.
- 6) Lè w ap fè bagay, asire w peni a antre anndan kapòt la, pa akote li. Ou ka kenbe kapòt la pou li pa deplase.
- 7) Lè w fin fè bagay, kenbe wondèl ki sou deyò a, retire peni a tou dousman e tòdye wondèl la yon jan pou evite dechay la koule tonbe. Apre sa, retire kapòt la tou dousman.
- 8) Mare yon ne nan kapòt la, epi jete li nan fatra.



## Nòt enpòtan:

1. Si w ap sèvi ak yon kapòt pou fanm, pa sèvi ak yon kapòt pou gason an menm tan. Fwotman plastik sou plastik kapab fè tou 2 kapòt yo chire!
2. Se pa tout kote w ap jwenn kapòt fanm fasil. Mande doktè, enfimyè, oksilyè, ajan sante ak reprezantan Ministè Lasante pou yo fè kapòt fanm vin disponib nan zòn pa ou.

\* Ti koze sou lasante sa a se yon adaptasyon apati materyèl *SASA!* ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.



Tèm: Sèvis sante

# Swen sante apre yon zak vyolans (45 minit)



## Objektif:

- Elèv yo konprann e yo konnen ki kote yo kapab refere moun ki sibi vyolans seksyèl oubyen vyolans nan koup ak sa moun sa yo bezwen.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

- *NB: Preparasyon sa oblije fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an.* Fè rechèch pou li konnen ki lopital ak klinik ki pi pre zòn nan ki genyen medikaman 72è a disponib epi ki siyen sètifika medikal. Pou li konnen orè yo ak pri sèvis yo. (Sonje sètifika medikal ta sipoze gratis pou tout moun ki sibi zak vyolans.)
- *NB: Preparasyon sa oblije fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an.* Fè 1 fotokopi 3 fèy ki gen travay an gwoup sou yo, ki nan fen sesyon an apre "Evalyasyon elèv".
- Ekri pwèn sa yo sou tablo a, nan 2 kolòn:
  1. Apre yon kadejak, yon moun kapab bezwen:
    - ➔ Sipò moral ak akonpayman, plis lòt sèvis sosyal
    - ➔ Anvan 72è (3 jou) pase: Medikaman ki pou anpeche VIH/SIDA
    - ➔ Medikaman pou anpeche gwosès (li bon si yo bay li an menm tan ak medikaman pou anpeche VIH, men li efikas jis rive 5 jou apre yon kadejak)
    - ➔ Medikaman kont lòt maladi moun pran nan fè bagay (yo konn bay li an menm tan ak medikaman pou anpeche VIH, men li bon nenpòt lè apre)
    - ➔ Doktè ki pou siyen sètifika medikal pou agresyon seksyèl

## 2. Apre vyolans nan koup, yon moun kapab bezwen:

- Sipò moral ak akonpayman, plis lòt sèvis sosyal (tankou kote pou l dòmi, rad, fason pou antre lajan, elatriye)
- Yon moun pou poze l kesyon nan sant sante sou koz blezi li yo (pou yo ka refere l ak lòt sèvis sosyal)
- Tretman pou blezi
- Doktè ki pou siyen sètifika medikal pou agresyon fizik

## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: “Genyen anpil kondisyon nan anviwonman nou ki lye youn ak lòt. Pa egzanp, lè nou konsidere lasante tout popilasyon an, nou kapab sezi wè fason òganizasyon sosyal ede nou viv pi an sante. Si pa egzanp genyen pwoblèm ki rive souvan tankou vyolans, sa kapab rann tout popilasyon an pi malad. Se pou sa li enpòtan pou nou gade epidemi sosyal yo, tankou vyolans ki gen enpak sou lasante popilasyon an.”

## Egzèsis:

- 1) Esplike: “Gen kèk zak ki kapab detwi sante yon moun. Vyolans se youn nan yo ki parèt twò souvan. Kou sa a ap pèmèt nou enfòme yon moun ki sibi vyolans seksyèl oubyen vyolans fizik sou sa li kapab fè pou l pwoteje sante li. N ap pale sou medikaman '72 zè, sou swen sante, ak sou sètifika medikal. Malgre nou konnen yon moun ki sibi yon kadejak oubyen vyolans nan koup genyen anpil bezwen sosyal, kòm nou nan kad yon kou Byoloji, n ap mete plis aksan sou bezwen fizik li pou lasante jodi a.”
- 2) Mande pou yon elèv li pou klas la lis “Apre yon kadejak, yon moun kapab bezwen”, apre sa, yon lòt elèv li pou klas la lis “Apre vyolans nan koup, yon moun kapab bezwen”.
- 3) Divize elèv yo an 3 gwoup.
- 4) Bay gwoup 1 fèy ak tèm “kit post-vyòl/medikaman apre yon kadejak”. Bay gwoup 2 fèy ak tèm “sètifika medikal pou agresyon seksyèl ak agresyon fizik yo”. Bay gwoup 3 fèy ak tèm “poze kesyon epi refere moun bay lòt sèvis sosyal”.
- 5) Esplike: “Chak gwoup genyen 10 minit pou li metrize enfòmasyon pa li yo, epi fè yon ti prezantasyon pou klas la sou tèm pa li. Lòt elèv yo pa genyen enfòmasyon gwoup ou a genyen — se esplikasyon chak gwoup bay ki pral pèmèt tout moun kapab fè devwa yo.”

- 6) Asire elèv yo konprann.
- 7) Avèti gwoup yo lè 3 minit rete nan 10 minit. Apre 10 minit, mande gwoup yo koumanse prezante.
- 8) Apre chak gwoup prezante, mande tout elèv yo reponn ak kesyon sa yo:
  - a. *"Poukisa yon moun ki sibi vyolans sou fanm ak tifi ta bezwen sèvis sa yo?" (NB: Sèvis n ap pale yo se: Gwoup 1: Kit pòs-vyòl, Gwoup 2: Sètifika medikal nan ka vyolans, ak Gwoup 3: Poze kesyon epi refere moun bay lòt sèvis sosyal).*
  - b. *"Ki lè li bezwen sèvis yo?"*
  - c. *"Si li pa jwenn sèvis sa yo, ki konsekans sa kapab genyen?"*
- 9) Esplike kote nan zòn nan yo kapab jwenn sèvis gwoup la ap pale, epi raple yo sèvis sa yo ta sipoze gratis.
- 10) Apre tout gwoup yo prezante, remèsye gwoup yo.
- 11) Mande: *"Si yon moun sibi yon kadejak, epi li vini anvan 3 jou nan lopital la, ki 3 kalte medikaman li sipoze jwenn?"*

(Eseye fè soti: medikaman kont VIH/SIDA, medikaman kont gwosès ak medikaman kont lòt maladi moun pran nan fè bagay.)
- 12) Mande: *"Si yon moun sibi yon kadejak, epi li vini apre 7 jou, ki kalte medikaman li sipoze jwenn?"*

(Eseye fè soti: medikaman kont lòt maladi moun pran nan fè bagay, men pa kont VIH/SIDA paske li twò ta.)

*NB: Mete aksan sou enpòtans sa genyen pou moun ki sibi vyolans ale wè doktè anvan 72è. Men si pou yon rezon kèlkonk yon moun pa te ale anvan 72è, li toujou kapab ale wè doktè menm si li p ap kapab benefisye kèk sèvis prevansyon, li ap jwenn èd medikal kanmenm. Lavi moun nan pa fini.*
- 13) Raple kote moun kapab ale nan zòn nan pou tout sèvis sante yo, medikaman yo, sètifika medikal, ak lòt swen sante, elatriye.
- 14) Rezime sesyon an konsa:
  - a. *"Genyen kèk bezwen pou lasante ki ijan pou yon moun apre yon zak vyolans. Se dwa moun ki sibi vyolans lan pou yo jwenn sèvis sa yo. Si yo pa jwenn sa yo bezwen kòm sèvis ak medikaman, yo kapab vin malad oubyen vin ansent san yo pa t vle."*

- b. *“Vyolans, se deja yon epidemi, men se yon epidemi ki vini ak lòt maladi tou. Lè yon moun sibi yon zak vyolans, li bezwen jwenn kèk sèvis pou asire lasante fizik li.”*
- c. *“Sèvis sosyal yo tankou sipò moral, akonpayman ak lòt sèvis li kapab jwenn bò kote yon òganizasyon fanm oubyen lòt moun nan kominote a enpòtan pou sante mantal li.”*
- d. *“Se pa tout pèsonèl lasante ki fòme pou konnen tout sa yo dwe konnen sou sa, poutèt sa, li enpòtan pou gen moun nan popilasyon an ki enfòme sou dwa yo pou yo kapab refere epi oryante lòt moun.”*

15) Remèsye elèv yo pou patisipasyon yo.

16) Opsyon: Rezime sipleman: *“Lasante yon moun gen enpak sou lasante popilasyon an. Si yon moun pa jwenn sèvis li bezwen epi li vin malad nan kò oubyen nan lespri li, sa gen gwo konsekans sou lòt moun nan fanmi li ak nan antouraj li. Si gen sèvis ki manke nan anviwonman pa nou an, sa fè efè sou sante nou tout.”*

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Si yon fi sibi yon zak vyolans seksyèl tankou kadejak, se yon ka ijans ki mande pou fi sa a jwenn swen sante ki apwopriye anvan 3 jou (72zè d tan), depi sa posib. Li enpòtan anpil tou pou moun ki pwòch fi sa a ak òganizasyon nan kominote li ki abitye travay sou ka konsa ba li sipò, nan limit ak fason ki reponn ak bezwen li nan moman an.

## Evalyasyon elèv :

*Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.*

- Anvan konbyen tan yon moun ki sibi yon kadejak ta sipoze ale nan lopital pou li jwenn 3 kalte medikaman?
- Vre oubyen pa vre: Sètifika medikal apre yon zak vyolans koute 500 goud. (Si se pa vre, konbyen li koute?)
- Si yon gason bat madanm li, epi madanm nan vini lopital, èske yon mis oubyen doktè ta sipoze refere li bay lòt enstans sosyal? Esplike.



# Gwoup 1: Kit pòs-vyòl/ Medikaman apre yon kadejak

FOTOKOPI

## Enfòmasyon:

Nòt: Anpil klinik an Ayiti sèvi ak "Kit pòs-vyòl" la, li genyen 3 medikaman ki enpòtan pou yon moun apre li sibi yon kadejak:



### 1. Tretman 72 zè kont VIH/SIDA.

Yo dwe bay tretman 72 zè kont VIH/SIDA nan espas 3 jou maksimòm apre yon agresyon seksyèl. Tretman 72 zè a, sa yo rele an franse "prophylaxie post-exposition" (prevansyon apre kontak), se yon tretman ak medikaman ki diminye risk pou yon moun vin enfekte ak VIH/SIDA, apre moun sa a te an kontak ak viris la. Malgre premye jou yo ki swiv vyolans seksyèl la se yon moman ki difisil anpil pou moun ki te sibi vyolans la, nou dwe pale de tès VIH/SIDA ak tretman 72 zè a ak moun ki sibi vyolans la san pèdi tan, pou pwòp pwoteksyon pa li.

### 2. Medikaman kont gwosès, pou sivivan an pa vin ansent.

Yo dwe ba sivivan an medikaman kont gwosès nan espas 5 jou maksimòm apre agresyon seksyèl la (menm si se apre 3 jou). Remak: Pou li pi senp, pwotokòl Ministè Sante Piblik 2006 la di se nan espas 3 jou, menm jan ak delè pou tretman kont VIH/SIDA a, men pwotokòl Òganizasyon Mondyal Sante ki pi resan an di se nan espas 5 jou pou moun nan resevwa tretman kont gwosès.

### 3. Medikaman pou anpeche oswa geri enfeksyon moun pran nan fè bagay

(an Franse: IST "Infections sexuellement transmissibles"). Yo konn bay moun medikaman sa a menm lè agresyon seksyèl la fèt depi plis pase 5 jou.

Kidonk, si yon sivivan rive nan yon klinik sou 4triyèm, oswa sou 5kyèm jou apre yon agresyon seksyèl, yo pa ba li medikaman 72 zè a, men yo ba li 2 lòt medikaman yo (kont gwosès ak kont IST). Si sivivan an rive apre 5 jou, oubyen plis, yo sèlman ba li 3zyèm medikaman an, ki kont IST, si li bezwen li.

## Kesyon pou gwoup la reponn nan prezantasyon li:

- 1) Ki 3 kalte medikaman ki anndan "kit pòs-vyòl" pou apre yon moun sibi yon kadejak?
- 2) Nan ki delè ou kapab pran chak kalte medikaman?



## Gwoup 2: Sètifika medikal nan ka vyolans

### Enfòmasyon:

Lè gen kadejak oswa vyolans nan koup, fi ki sibi zak la gen dwa ak sètifika medikal gratis.


Yon sètifika medikal se yon papye ki ede yon moun ki sibi vyolans jwenn jistis. Yon sètifika medikal se yon papye doktè a siyen pou montre kisa li wè sou kò moun ki viktim / sivivan kadejak oubyen agresyon fizik. Se youn nan papye ki sèvi kòm prèv nan tribinal. Menm si sètifika medikal pa ranplase tout prèv pou yon ka, jij yo bay sètifika medikal anpil enpòtans.

An reyalyite, se doktè ki siyen sètifika medikal. Doktè yo siyen medikal, epi jij yo ka rele doktè yo pou yo temwaye sou sa yo te wè sou kò sivivan. Sa nòmal, epi se devwa yo pou yo ale temwaye. Selon lalwa, anpil pèsonèl lasante te ka siyen sètifika medikal nan ka vyolans nan kay oswa kadejak, men jiska prezan an praktik (nan 2015), se sèlman doktè yo ak tanzantan yon saj fanm yo rekonet ki ka siyen sètifika medikal. Sa pa baze sou lalwa, men sou praktik sistèm jistis la.

Sètifika medikal ta dwe gratis! Ministè Lajistis di sa depi 2007. Si ou konnen yon moun ki sibi kadejak oswa vyolans nan kay epi yo mande moun nan peye pou sètifika medikal, ou ka toujou ale kote yon òganizasyon ki akonpanye sivivan nan zòn ou an epi mande yo sipò. Anpil fwa, pledwaye yo fè ka ede sivivan yo.

### Kesyon pou gwoup la reponn nan prezantasyon li:

- 1) Kisa yon sètifika medikal ye nan ka kadejak (vyolans seksyèl) oswa vyolans nan kay (agresyon fizik)?
- 2) Kiyès k ap siyen sètifika medikal nan ka kadejak oswa vyolans nan kay?
- 3) Konbyen lajan yon moun ki sibi kadejak oswa vyolans nan kay bezwen peye pou l jwenn sètifika medikal?



## Enfòmasyon:

Lè gen yon ka vyolans, anpil moun pè poze kesyon. Yo kase fèy kouvri sa. Men si nou rete nan silans sa a, nou fè moun panse vyolans se yon bagay nou aksepte, yon bagay ki nòmal. Li enpòtan pou nou pran kouraj nou, bay youn lòt sipò pou nou pale ansanm kont vyolans. Lè nou sispèk gen yon moun ki sibi vyolans, gen yon fason pèsònèl lasante kapab abòde yo avèk sajès, epi poze kesyon sou sa. Imajine si yon fanm vini nan yon klinik sante pou diferan blesi ak kou li pran chak semenn, men pèsonn pa mande l sa ki fè sa. Li kapab mouri paske gen yon bagay k ap pase nan lavi li epi li menm pou kont li pa kapab soti ladan li. Li enpòtan pou moun sa a jwenn sipò.


Apa swen sante, lòt sèvis sosyal yon moun ki sibi kadejak oubyen vyolans nan koup kapab bezwen genyen ladan: Sipò moral; Jistis ; Sipò materyèl / ekonomik; Sekirite.

Pou nou bay yon moun ki sibi yon kadejak oubyen vyolans nan koup sipò, li enpòtan pou nou konnen ki enstans nan kominote a ki ofri sipò y ap bezwen yo. Li bon pou nou konnen ki kote ak ki lè pou yo ale, ak kiyès yo sipoze wè, epi kisa yo kapab jwenn kote yo prale a. Li enpòtan tou pou nou konnen si gen yon pri pou sèvis sa yo.

Si nou poze kesyon lè nou sispèk gen vyolans, epi ede moun ki sibi jwenn lòt moun pou ede yo, se konsa moun k ap sibi zak vyolans kapab jwenn sipò yo bezwen pou yo kontinye viv.

## Kesyon pou gwoup lan reponn nan prezantasyon li:

- 1) Poukisa li enpòtan pou mis, dokte ak lòt pèsònèl lasante poze moun kesyon si yo sispek yo te sibi vyolans?
- 2) Ki lòt sèvis sosyal yon moun ki sibi kadejak oubyen vyolans nan koup kapab bezwen?
- 3) Kisa nou bezwen chèche konnen pou nou byen refere moun ki sibi vyolans pou yo ka jwenn sa yo bezwen?



Tèm: Tès VIH/SIDA ak Tès lòt IST

# Tès VIH/SIDA ak Tès lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay: Kisa? Ki kote? Poukisa?<sup>5</sup> (45 minit)

## Objektif:

- Elèv yo kapab esplike poukisa tès VIH/SIDA enpòtan epi di ki kote moun kapab ale fè tès VIH/SIDA.
- Elèv yo demontre kapasite pou negosye pou patnè yo avèk yo al fè tès VIH/SIDA si /lè yo genyen patnè.

## Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

*NB: Preparasyon sa oblije fèt byen anvan jou pwofesè a fè kou an.*

- Si posib, envite yon pèsònèl lasante ki fè tès VIH/SIDA nan zòn nan vin pale ak klas la epi reponn kesyon elèv yo pandan 10 al 15 minit. Si li pa posib pou moun nan vini, omwen òganize enfòmasyon sa yo pou ou kominike elèv yo nan yon fason ki brèf:
  - ➔ Ki enpòtans tès VIH/SIDA?
  - ➔ Ki kote ak ki lè yon moun kapab fè yon tès VIH/SIDA?
  - ➔ Timoun ki poko genyen 18an, kijan yo kapab fè tès VIH/SIDA?
  - ➔ Èske tès VIH/SIDA gratis?



- Si yon moun genyen SIDA, ki kote li kapab jwenn ARV ("antriretroviral") ki se medikaman moun ki sewopozitif pran?
- Ki kote ki genyen gwoupman moun ki genyen VIH/SIDA?

*NB: Si se pwofesè a ki pral prezante enfòmasyon an, tanpri sèvi ak gid nan fen sesyon an, apre "Evalyasyon elèv" pou asire kèk pwèn klè soti pou chak kesyon.*


- Fè kopi "VIH/SIDA: Enfòmasyon nou dwe konnen" pou elèv yo. Li soti nan *SASA!* E li disponib sou [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) nan materyèl pou faz konsyantizasyon. Oubyen jwenn lòt enfòmasyon ekri sou VIH/SIDA pou elèv yo.


## Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike: "VIH/SIDA se yon enfeksyon ki kapab touye moun si li pa trete, men li pa make sou figi moun. Sa vle di, yon moun kapab gen VIH pandan plizyè mwa oubyen plizyè lane san li pa rann li kont. Pandan tan sa a, se posib moun ki enfekte a kapab enfekte lòt moun nan kontak san ak san, manman yon timoun ka bay timoun nan li pandan l ap akouche oubyen pandan li ap bay pitit la tete, li ka bay yon lòt moun viris la pandan li ap fè bagay ak lòt moun nan. Pou evite tout dega sa yo, li enpòtan pou yon moun konnen pi vit posib si li enfekte."

## Egzèsis:

- 1) Esplike:
  - a. "Nan kou sa a nou pral pale sou tès ki disponib pou moun kapab konnen si yo genyen VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay."
  - b. "Si yon moun fè tès VIH/SIDA e li sewopozitif, sa kapab ede li evite pase maladi a bay lòt moun, epitou, sa kapab pèmèt moun nan pran medikaman ki ede l kontinye viv."
- 2) Si gen yon pèsònèl lasante ki fè tès VIH/SIDA nan zòn nan, envite li vin pale ak klas la sou fason yo fè tès VIH/SIDA ak enpòtans li, epi reponn kesyon elèv yo pandan 10 al 15 minit. Si non, esplike yo enfòmasyon ou te kolekte sou sa.
- 3) Esplike: "Anvan yon moun antre pou fè tès la, ta sipoze genyen yon moun pou esplike l kisa tès la ye epi fason yo fè l, fason yon moun kapab pran VIH/SIDA, enpòtans pou li devwale rezilta tès la bay moun l ap fè bagay avè l, elatriye."
- 4) Divize elèv yo an 3 gwoup.

- 
- 5) Bay chak gwoup youn nan tèm sa yo:
    - a. *Yon koup ki poko fè bagay ansanm*
    - b. *Yon koup ki ansanm depi plizyè lane*
    - c. *Yon fanm ki ansent epi li sispèk mari li gen lòt fanm deyò*
  - 6) Mande chak gwoup fè yon sèn kote yon moun mande mari, madam oubyen mennaj li al fè tè s VIH/SIDA ak li. Yo genyen 10 minit pou devlope sèn nan epi 3 minit pou yo jwe l. Sèn nan ta sipoze montre negosyasyon ant koup la pou yon moun konvenk lòt la al fè tè s avè l.
  - 7) Apre 10 minit pase, mande elèv yo tounen nan gwo gwoup.
  - 8) Fè toule 3 gwoup yo prezante sèn pa yo. Asire yo fè bon pratik negosyasyon.
  - 9) Apre tout gwoup yo prezante, remèsye tout elèv yo epi mande si gen elèv ki gen kòmantè sou fason yo te negosye.
  - 10) Mande:
    - a. *"Èske li fasil oubyen difisil pou yon moun nan yon koup konvenk lòt la al fè tè s VIH/SIDA?"*
    - b. *"Pa egzanp, si yon fi ap sibi vyolans oubyen manke pouvwa nan maryaj li, ki difikilte l ap jwenn pou l konvenk mari li fè tè s la?"*
    - c. *"Poukisa li enpòtan pou fi fè tè s VIH/SIDA? Poukisa li enpòtan pou gason fè tè s VIH/SIDA?"*
    - d. *"Si yon fi vin ansent epi li pa konnen si li genyen VIH/SIDA, kijan li kapab pwoteje pitit la pou li pa pran viris la?"*
    - e. *"Kisa ou te aprann nan aktivite sa a? Ki efè aktivite a pral genyen sou fason ou va pale ak madanm oubyen mari ou pi devan sou tè s VIH/SIDA?"*
  - 11) Remèsye elèv yo pou repons yo.
  - 12) Distribye bwochi "VIH/SIDA: Enfòmasyon nou dwe konnen" oubyen lòt enfòmasyon sou VIH/SIDA bay elèv yo.
  - 13) Rezime sesyon an konsa:
    - a. *"Tè s VIH/SIDA a enpòtan anpil, pou ede yon moun ki gen VIH/SIDA jwenn tretman li bezwen, epi pou li chanje konpòtman li pou li pa pase viris la bay lòt moun."*

- 
- b. *“Li enpòtan pou moun aprann pale epi konvenk mennaj, madam oubyen mari li sou enpòtans tè la.”*
- c. *“Si yon fi manke pouvwa nan relasyon li—sa vle di si gen fòs kote nan relasyon an—I ap pi difisil pou li negosye ak mari oubyen mennaj li pou yo al fè tè. L ap pi fasil tou pou l pran VIH/SIDA. Pou sa, pou evite VIH/SIDA, li enpòtan pou nou bay moun sipò pou yo balanse pouvwa yo nan relasyon yo.”*
- d. Opsyon: Rezime siplemantè: *“VIH/SIDA se yon gwo maladi, sa fè li enpòtan pou nou pale ak lòt moun sou li pou asire yo fè tè lè gen bezwen. Sa kapab rann kominote a pi an sante.”*

## Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Lè yon moun oubyen de (2) ki nan relasyon deside fè tè VIH/SIDA, se yon prèv moun sa a oubyen de (2) moun sa yo genyen tèt yo sou zepòl yo. Paske rezilta tè VIH/SIDA ede moun pran desizyon ki pèmèt yo pwoteje oubyen konsève sante yo plis posib, sante lòt moun ak bon jan desizyon sou lavni yo ak lavni fanmi yo

## Evalyasyon elèv:

*Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tè nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.*

- Ki kote li posib pou fè tè VIH/SIDA nan zòn nan?
- Kisa yon moun kapab di madanm oubyen mari li si moun nan pa vle fè tè VIH/SIDA paske li pè??4 (45 minit)

# Nòt

1. Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'école secondaire, programme réorganisé*, Programme Pédagogique Opérationnel, 9 – Physio/Biologie, 1ère Année, 10-11.
2. Sesyon sa a se yon adaptasyon apati materyèl: *Rezo aksyon pou fi ayisyen (HAGN). (2014). Fòmasyon sou zafè sante seksyèl pou tifi 'Espas pa m' yo'. Port au Prince: Rezo aksyon pou fi ayisyen, YWCA Haiti, Enpak. Sekans 23: Planin : Metòd natirèl, Metòd modèn, paj 120-129.*
3. *Haiti Adolescent Girls Network, YWCA Haiti and EMPAK. (2014). Fòmasyon sou zafè sante seksyèl pou tifi 'Espas Pa m' yo: N ap aprann konnen kò nou ak kèk konpetans pou nou jere sante seksyèl nou pi byen. Port au Prince: HAGN.*
4. Ti koze sou lasante yo se adaptasyon apati materyèl *SASA* ki fèt ak otorizasyon Raising Voices. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA*. Dépôt légal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
5. Lide orijinal pou sesyon sa a soti apati materyèl Program M: *Working with Young Women: Empowerment, Rights and Health*. Instituto Promundo, Salud y Género, ECOS, Instituto PAPAI and World Education. Activity 24: Taking the Test, p. 93-96. Tire sou: <http://promundoglobal.org> nan dat 27 Septanm 2015.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

**Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • [annanpechevyolans@gmail.com](mailto:annanpechevyolans@gmail.com) • [repansepouvwa.org](http://repansepouvwa.org) • Beyond Borders • [www.beyondborders.net](http://www.beyondborders.net) •**

*Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre*